

MUPOROFITA ARI KUNYARA



Zvino Ishe ngavawedzere maropafadzo aVo kuchidzidzo che: *Muporofita Ari Kunyara*.

² Mangwanani ano tanga tanyanya kubatikana nemuporofita akapfeka nguwo yaimbopfekwa nemumwe. Uye tinoziva husiku huno, kubva muGwaro, mangwanani ano, kuti isu pachedu tinopfeka nguwo yaimbopfekwa nemumwe. Isu... nguwo. Uye ndiri kufara chaizvo kuti yaiva nguwo yaimbopfekwa nemumwe, nekuti nguwo ino yatinopfeka zvino yakacherechedzwa kuna Mwari sekururama, kuburikidza naKristu Jesu. Uye hatisi kutora nguwo yakadyiwa nezvitemamachira zvedzidzo yebhaibheri yemumwe munhu yakadyiwa nezvitemamachira nemakurwe, nezvimwe zvakadaro, vachitaura kuti, “Mazuva ezvishamiso akapfuura, uye hakuna chinhu chakadaro chinonzi hu—huvapo kwese-kwese hweMweya Mutsvene zvino.” Asi takapfeka nguwo yekururama kwaKe.

³ [Chibenga chisina chinhu patepi—Mupepeti] Kwete mukukwanisa kwedu, asi mu—mukukwanisa kwaIshe wedu Jesu.

⁴ Uye kana ndichinge ndasvika zasi kuJorodhani, ndinoda kunge ndakapfeka nguwo yaKe, ndichivimba mune yaKe. Zvino mumvuri mukuru wesuwo rakaiswa mberi kwedu tose, rinonzi “rufu,” nguva yoga-yoga inorova hana yedu, tinoswedera pedyo nekurova kumwe chete kwehana kumukaha mukuru uyu wokuti murume nemudzimai wose anofanirwa kupinda nemauri. Uye kana ndauya kumukaha iwoyo, pamwe chete nemi vatendi, Ndinofara kuziva kuti handisi kuenda ikoko neizvi mumoyo nemupfungwa dzangu, kuti ndakaita chimwe chinhu chikuru. Ndiri kuenda ikoko, ndichireurura nekuziva kuti ndiri mutadzi, uye nekuziva izvi, kuti, ndinoda kuzviputira pachangu munguwo dzekururama kwaKe; nechapupu ichi, chekuti, “NdinoMuziva musimba rekumuka rwaKe.” Kuti, paAnodana kubva kuvafi, ndinoda kubuda.

⁵ Zvino, chiitiko chedu nemutambo wagadzirwa husiku huno kuva chidzidzo chedu, cherimwe zuva muIsraeri, ringava mazana akawanda emakore tadarika ngu—nguva yaEria. Nguva dzakawanda dzakanaka nedzakaipa dzakauya mukutonga kweIsraeri. Uye zvino tiri pachitiko ichocho husiku huno...

⁶ Mangwanani ano tanga tiri pachitiko pakange paine kutevedzera kwepanyama kwakawanda, kuti chikoro chevaporofita vaiva kumusoro ikoko vachidzidzira kuva vaporofita. Uye nekureruka kwavaiva, zvekutosvika pokuti vakange vasisagoni kunzwisisa simba raMwari. Vakafunga kuti simba raive rasimudza Eria kumusoro rikamukandira kunze uko

pagomo pane imwe nzvimbo, zvino vakatuma boka revanotsvaga kuti rinomutsvaga. Apo, Erisha achiziva, zvakanakisisa, kuti Mwari vainge vamutora kuenda muKubwinya. Nekuti, akashaikwa. Mwari vakange vamutora, uye akapunyuka rufu nekuenda Kumusha kuna Mwari, nengoro yeMoto nemabhiza eMoto. Uye zvadaro takaona kuti maseminari avo nemabasa avo edzidzo yavo yebhaibheri hazvina kushanda. Zvakatora kusanangura nekudana kwaMwari kuita muporofita waMwari.

⁷ Uye zvino, husiku huno, tinoona Israeri iri muchinhano chekudzokera kumashure. Israeri yaiva nenguva dzayo dzakanaka nedzakaipa. Yakanga iri mufananidzo chaiwo wechechi nhasi. Dzimwe nguva vaiva pamusoro-soro, nguva inotevera vaiva zasi mumupata. Ndzivo zvazvinotora kutiita kuti tiyemure chinhu chakanaka. Ndiwoyo wavanodana kuti murawu wezvinopesana.

⁸ Munhu mutema wekuAfrica haana kumboziva kuti akange ari mutema, ganda rake, kusvikira aona David Livingston. Zvino akati. . . Ndipo paakazocheredza kuti ganda rake raiva dema, nekuti raLivingston raiva jena. Kusiwana.

⁹ Hawaimbofa wakaziva kuyemura zuva kana usina kuva nehusiku. Hawaimbofa wakaziva kuyemura kupenya kwezuya kana usina kumbova nezuya rine makore. Hawaimbofa wakaziva kuyemura kururama, kunze kwekunge iwe wakava nekumwe kusarurama. Hawaimbofa wakaziva kuyemura hutano hwakanaka, kunze kwekunge iwe wakaita hutano hwakashata, hutano husina kunaka. Ndeavo chete. . .

¹⁰ Uye ndicho chikonzero chandinofunga kuti tichayemura Denga zvakananyanya, nekuti takambogara panyika neimwe nguva. Uye ndinofunga kuti murawu wezvinopesana. . . Chikonzero chatinoyemura Mweya Mutsvene zvakananyanya, husiku huno, ndechekuti takararama kwenguva refu muchechi yakatiudza kuti hakuna chinhu chakadaro. Chikonzero tichizviyemura, husiku huno, ndechekuti takamboravira rimwe divi. Uye ndiyo nzira iyo Mwari vakada kuti zvinge zviriri, nekuti vanhu vaVo vakava nenguva dzavo dzakanaka nedzakaipa. Haungaziva kuyemura kuva pamusoro pegomo, kunze kwekunge iwe wakambova mumupata. Uye, saka, haungazivi kuyemura mvura yakanaka kunze kwekunge wakanwa isina kunaka pane imwe nguva. Uyezve iwe—iwe. . . Nenzira yose, unongova murawu wezvinopesana.

¹¹ Zvino, Israeri yaiva mune chimwe chimiro chayo chekudzokera kumashure, uye chaive chinhu chakadini chavakanga vaita!

¹² Zvino, Israeri yaiva vanhu vakasarudzwa, vakasanangurwa, vakasarudzwa, nokuti Mwari vakange vasarudza Israeri nechinangwa chimwe chete chakananga, chekuti ropa reIsraeri

rinofanira kunge riri ropa rakachenesesa, nekuti kubva mudzinza iroro ndimo maizouya Mesiya Pachake.

¹³ Kwese tichidzika nemuTestamende Yakare, Mwari vakaonekwa mumunhu. Mwari vakaonekwa muna Abrahama, semutendi wekutenda. Mwari vakaonekwa muna Dhavhidhi, samambo. Vakaonekwa muna Josefa, sekururama. Vakaonekwa muna Mosesi, semuporofita, muprisita, mupi wemurairo. Vakaonekwa mukufamba kwemazera, vari mumuporofita. Vakagara vachiZvizivisa muvanhu, muchidimbu, nemumuporofita, mambo, muprisita, mupi wemurairo, nevamwe vakadaro. Asi, muna Kristu, Vakagara maAri, huzaro wehuMwari huri mumutumbi, uye nekuziva kuti Mweya uyu kumagumo kwacho waizofanira kuwana nzvimbo yekuzororera. Pana Eria, aiva murume wekutonga kwaMwari. Akashingairira kutonga kwaMwari. Uye, Mosesi, aiva mupi wemurairo, wekuti waifanira kuutevedzera sezvazviri chaizvo kana kuti worega zvachose. Muzvinhu zvose izvi, Mwari vakamiririrwa. Asi paVakasvika pana Kristu, Aiva akakwana, huzaro hwose wehuMwari mumutumbi hwaiva hwakazorora muna Kristu.

¹⁴ Uye Mwari vakamboZvimiririra kamwe chete muhuzaro, kumashure. Mubhuku raGenesi, muhurongwa hwaMerikizedheki, “Aiva asina baba, asina amai; asina mavambo emazuva, kana magumo emakore, kana magumo ehupenyu.” Uye Aiva muPrisita, Mambo weSaremi, muprisita waMwari, waMwari wekumusoro-soro, Aiva asina mavambo kana magumo. Akanga asiri mumwe kunze kwekuve kufanoratidzwa mumutumbi kwaIshe Jesu Kristu. Nekuti, Aiva Mambo weSaremi, anova Mambo weRugare, anova Mambo weJerusarema. Zvino Aiva ari mukufanoratidzwa mumutumbi. Kunyangwe tateguru Abrahama vakabhadhara chegumi kwaAri. Aiva kufanoratidzwa mumutumbi kwekuuya kwaIshe Jesu. Merikizedheki mumwe chete akasangana naAbrahama kunze uko kumapani Sodhoma neGomora zvisati zvaparadzwa. Uye—uye Akasangana naye mushure meSodhoma neGomora, apo Abrahama akaMubhadhara chegumi chezvapakambwa zvose zvaakange atorera mambo.

¹⁵ Zvose zvinhu izvi zvaiva mimvuri, zviri mifananidzo kusvika kuna Kristu. Uye zvino, mimvuri yose yevatsvene veTestamende Yakare, nguva dzavo dzakanaka nedzisina kunaka, waiva mumvuri nemufananidzo, uye nemienzaniso yedu nhasi.

¹⁶ Zvino, tinoona kuti Israeri hayaifanira kuroodzana nemamwe marudzi. Kuroorana kwavo kwaifanira kunge kuri pakati pavo, kwete kuti muIsraeri atomboroorane neMurudzi, asi vaifanira kuchengetedza muhwezva weropa ravo wakachena. Uye kunyangwe kusvikira nhasi uno, ndinotenda kuti muhwezva weropa rechiJudha ndiwo muhwezva weropa—weropa rakachenesesa panyika nhasi, muJudha. Vachiri

kutarisira Mesiya iyeye. Asi, Iye . . . Tinoziva kuti Akatouya kare; uye maziso avo akapofomadzwa, kuti tigone kuwana mukana wekutendeuka kuburikidza naKristu.

¹⁷ Zvino, munguva yekutonga kwaEzira, vana veIsraeri vakanga vadzokera kumashure. Vakange vabuda kunze kunotora vakadzi vechiMoabhi, zvino vakanga vanotora vakadzi vechiAmori, vaPerezi, nemamwe marudzi akawanda. Uye vakanga vasina kuvarooro chete, asi vaiita hupombwe pakati pavo, nekuita zvetsvina, nekusvibisa muhwezva hweropa, hunova muhwezva wehupenyu.

¹⁸ Uye mufananidzo wakadini uriko nhasi wemachechi edu, nenzira yavari kutsauka nayo vachibva pagwara chairo rechinyakare rakare rakatarwa naMwari kuitira chechi. Zvirevo zvataifanira kurarama nazvo, chechi iri kuita hupombwe nenyika. Yakabuda ikapinda munyika, ikatanga kupedza nguva nenyika.

¹⁹ Zvino, izvi zvaiva zvanyadzisa muporofita zvakanyanya, kusvikira, paakauya pamberi paMwari, kumeso kwake kwakaraidza kunyara. Kekutanga paakanzwa pamusoro pazvo, uye akaona kuora kwehu—hunhu hwevanhu vake, zvakamurwadza zvakanyanya kusvikira agara pasi akazvizodza, akadzura bvudzi rake nendebvu dzake, zvino aiva akaremerwa kwazvo pamoyo ari pamberi paShe, achinamata. Zvino pakazopiriswa chipiriso chemanheru, akaenda mutemberi akanopfugama nemabvi ake akanyara pamberi paMwari, nekuda kwezvivi zvevanhu.

²⁰ Zvino, haana kunyarira mugwagwa wezvinyadzo wedunhu rezvipfeve. Haana kunyarira avo vanonwa zvinodhaka vari mugomba regehena, kunyangwe zvaiva zvakaipa sezvazvaiva. Asi, akanyara nekuda kwechivi chevasanangurwa.

²¹ Uye zvatinoda nhasi uno ndevamwe vaporofita vana Mwari akakwana mumoyo mavo kuti vanyare muHupo hwaMwari, nekuda kwezvivi zvevanhu vanozvidana kuti vanhu vaMwari uye vachiita nenzira yavari kuita. Kunyadzisa kwakadini kwataunza panzvimbo ino! Hunhu hwevanhu vedu . . .

²² Chino hachisi chidzidzo chiri nyore kutaura pamusoro pachu. Ndaigona kufunga pamusoro pezvinhu zvakaanda zvaive nyore kutaura pamusoro pazvo. Asi, hama, kana mumwe munhu akasamira muzuva rino rizere nechivi, rehupombwe ratiri kurarama mariri, achitaura chokwadi chizere, izvo zvichazoitika? Mumwe munhu anofanira kutaura chinhu ichocho. Mumwe munhu anofanira kuzviisa pamberi pevanhu.

Pamwe Ezira aisada kuzviita, asi zvaive mumoyo make.

²³ Zvino kana ukaona muranda waMwari asvika pakuperera kwazvo kusvikira akotamisa huso hwake akasimudza maoko ake, achinamata kuna Mwari, uye achinyara nekuda kwekusarurama kwevanhu, ipapo muchaona rumutsiriro

rwuchitanga. Munhu haagone kuzviyanika muHupo hwaMwari, chechi haigoni kugara muHupo hwaMwari, iri pasi pekutendeuka, kunze kwekunge Mweya Mutsvene wadzika pasi ukapa chizoro pamwe nesimba rekutangisa kufamba kwaMwari imomo pakati pevanhu ivavo. Zvinotofanira kuva saizvozvo!

²⁴ Ndiratidzei munhu. Ndiratidzei mumwe Calvin, Knox, Finney, Sankey, kana chero mumwe weavo vanonzwa mutoro wevanhu, zvekuti vanorara nekumeso kwavo vachichema nekunamata pamberi paMwari. Titumirei mumwe John Smith wechechi yeBaptisti zvakare, akanamata husiku hwose nekuda kwekusarurama kwevanhu, kusvikira maziso ake avhara nekuzvimba mangwanani aitevera, nekuda kwekuchema, kusvikira mudzimai wake aimutungamirira kutafura nekumudyisa kudywa kwake kwamangwanani nechipunu. Ndiratidzei mumwe John Wesley zvakare, zimbe riri kupfuta rabuditswa muchoto, ndichakuratidzai rumutsiriro.

²⁵ Zvavari kuita nhasi, tiri kuzvibhabhadzira kumusana. Tiri kuzvidaidza kuti *ichi neicho*, uye nerumutsiriro, ipo pasina rumutsiriro pazviri. Ndizvozvo chaizvo. Pane kumutsiridzwa kwemanyawi ekunamata pakati pevanhu, asi pasina rumutsiriro.

²⁶ Vaiva neboka revanamati muzuva iroro. Vaiva nekumutsiridzwa muzuva iroro, asi vaidza rumutsiriro.

²⁷ Nhaisi, hama yangu mudikani nehanzvadzi, hunhu hwenyika ino hwaderera kwazvo kusvikira zvinoita kuti imbwa inyare. Hunoita kuti imbwa inyare dai yaikwanisa kudaro, hunhu hwevanhu vedu! Vanhu, kunyangwe makore akapfuura, zvinhu zvatinazvo, zvakaikwa ne—nyenya, zvinhu zvakaikwa nevanhu! Zvose kushaikwa kwemunamato.

²⁸ Chechi yaisimboita, zvekusatenda mumabhaisikopo, vaisabvumidza vana vavo kuenda kubhaisikopo. Vairamba mabhaisikopo. Zvino, nhaisi, handiti vanotova ne... Vane mabhaisikopo mumba mavo chaimo. Imba yoga-yoga ine terevhizheni.

²⁹ Panzvimbo yavaisifunga kuti zvaiva zvakaipa kunwa doro, panzvimbo yavaisifunga... John Barleycorn, aiva muchinda akaamarara zviku sei. Nhaisi, zvikamu makumi matanhatu kubva muzana zveavo vanodanwa kunzi Makristu vanomwa zvinodhaka pamafaro zvichitangira pane kangaita kamwe chete pagore. Zvino vanobva vaita zvefafaro makuru, munguva yeKisimusi, pavanoita mhemberero yavo. Nekuti, vakatora dzidzo kuti itsivanise nzvimbo yeruponeso. Haimbofa yakazviita.

³⁰ Chatinoda rumutsiriro. Tinonamira mabhandiji ekonzi, toabvisa; toisa rimwe bhandiji rekonzi, toribvisa, asi toramba tichinzwa kuti marwadazo achiripo. Chatinoda nhaisi hakusi kuvandudzwa kweveruzhinji, hakusi kutaura kwenjere.

Chatinoda nhasi kuwedzerwa kweRopa kwechinyakare, kwakatumwa naMwari kunobva Kudenga. Mabhandiji ekonzi haana zvaanobastira. Tine ropa shoma. Tinoda kuwedzerwa Ropa. Tinoda kudzoka zvakare kuVhangeri rechinyakare rinodanira kutendeuka pamberi paMwari. Kwete kureurura kune maziso asina misodzi, kwekukwaziswa ruoko; asi rumutsiro rwakatumwa naMwari, rweMweya Mutsvene rwune kuchenesa kweRopa raIshe Jesu Kristu kuchipinda mumoyo wemunhu wose. Tinoda rumutsiro kuti rwutange muChechi, uye rwotsvaira nenyika yose. Tinofa, tinoparara, tapera, kana tisina mhando yerumutsiro rwakadaro.

³¹ Ndaneta kwazvo nekuona turumutsiro tudiki tweHollywood twusina nebasa rese, tunodaidzwa kudaro, umo vanhu vanopinda voitiswa manyawi kwemaawa mashoma, uye, kana kwezvava rimwe kana maviri, kana kwevhiki rimwe kana maviri, vobuda zvino ndizvo zvoga chete kwazviri. Hama, unogona kuva uri mune . . . wangoitiswa manyawi nerumutsiro. Unogona kuva nemanyawi. Unogona kuva nezvinangwa zvakanaka. Zvose zvinhu izvozvo zvakanaka, asi hatidi izvozvo nhasi.

³² Tinoda rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene, kushandura manzwi, nemafungiro, uye maonero, tsika, hupenyu hwevanhu, nekuvadzoserwa munzira chaiyo zvakare. Kunze kwekuwedzerwa Ropa rinobva paKarivhari, vandudzo dzedu dzose hadzina kana nezvadinotibatsira zvachose.

³³ Hatidi U.N. Tine U.N. ikoko, zvino vanoita seiko? Zita raMwari harife rakadaidzwa. Vanotywa kuRidana. Zvakambobvunzwa pane imwe nguva, neboka revashumiri kuti, “Sei vaisaisa munamoto?” Vakati, “Zvingazogumbura mumwe munhu, mumwe weavo vasingatendi muna Mwari.”

³⁴ Oo, chatinoda rumutsiro. Hazvina nebasa rekuti zvagumbura ani, tinofanira kuparidza Vhangeri uye tonyatsozviritidza zvati. Ndizvozvo. Handimbokupa kana shereni pane chirongwa chakasiya Mwari vari kunze kwacho, kunyangwe ikava U.N., kana vebig-four, chero zvaingava.

³⁵ Kusvikira nyika ino yasvika pachinzvimbo chekubengenuka, kuti tiri kufa tisina Ropa raShe Jesu Kristu; kusvikira vanhu pazvima vabengenuka kune chi—chikonzero, chekuti tiri kufa! Chikonzero tiri kufa, hatina chepamavambo, nzira, mushonga, chinorapa chatakapihwa naMwari paKarivhari.

³⁶ Ndosaka zvichiita kuti munhu anyare! Ndosaka! Muparidzi wemazvirokwazvo, wechokwadi anotarisa ungoro yake oedza kuitungamirira pamberi pechigaro chaMwari. Nekushanyira dzimba dzavo, ovawana vachiputa fodya, vachiudzana nyambo dzine zvinyadzi, vachivaraidzana kuruvanze rwekuseri, nemapati edoro; vachingofamba-famba mumigwagwa, madzimai avo echidiki, nevane zera riri pakati-

nepakati, nevamwe vakadaro, uye kunyangwe naambuya vakapfeka chikabudura chidiki. Amai vari kunze mumugwagwa nemwana paruoko rumwe, vakapfeka zvinokwezva ruchiva zvakakwana kukwezva meso echeru chidhakwa chinofamba nemumugwagwa; uye vachizvidaidza kuti Mukristu. Zvinoita kuti chero munhu waMwari upi zvake wechokwadi anyare, kuunza munhu akadaro muHupo hwaMwari. Ndizvozvo!

³⁷ Zvino kwese kujoina kwedu chechi nekuita boka riri nani, kwasvika pakushaya maturo, uye zvakaitika muzuva iroro uye zvichaitika mune rino. Tidzoserei zvakare kuna Mwari, kwete nekuiswa dzidzo, kwete nekuiswa vandudzo yechinamato, kwete mukuiswa mune imwe mhando yedzidzo yebhaibheri yakaitwa nevanhu. Asi rubhabhatidzo rwakare rweMweya Mutsvene rwakatumwa naMwari, rwuchibva Kudenga, muchiitiko chechipentekosti chekupisa kungovawo munamati. Uchitsivanisa imomo neibwe rinokosha iro Mwari vakada kuti rivemo, remwanakomana nemwanasikana waMwari. Kusvikira tadaro, hama nehanzvadzi, ticharamba tine vakadzi vane bvudzi rakagerwa, vakapenda kumeso, vakapfeka zvinokwezva ruchiva; uye varume vachinwa, vachiputa, uye vachizvidaidza kuti Makristu; nekuti havazivi zviri nani. Mumoyo mavo, mudzi iwowo wekuita zvinhu zvenyama uri imomo, zvino tinoda kushambwa kwechechi, zvichibva nemukamuri iri pasi pechivakwa kusvikira papurupiti. Ameni. Uye ndizvozvo chaizvo.

³⁸ Chatinoda nhasi uno ndevamwe vaporofita vari kunyara. Mwari...Dzimwe nguva vanhu vanouya mumutsara wekunamirwa, kuti vanamatirwe, vachitaridzika sekunge vari kuenda kuimba yezvipfeve. Ndizvozvo chaizvo. Uchiuya kuzokumbira Mwari chimwe chinhu, uchitaridzika kunge Jezebheri. Chatinoda nhasi kucheneswa kwemusha nekudziisa moyo, kwevaporofita vaMwari vanomira mupurupiti vachitsiura chinhu chakaipa pachena, nekureva zviri zvakanaka uye nezvisina kunaka; voparidza Vhangeri vasingarerutsi, kusvikira vatadzi vawira pasi, uye vachichema kusvikira Mwari vatumira Mweya Mutsvene kuti uchenese hupenyu hwavo. Ameni. Tinoziva kuti ndizvozvo. Ndizvozvo chaizvo.

³⁹ Ndakaparidza pano kwete kare ndikati mudzimai wose ari muguta rino aiva nemhosva, neimwe nzira, yehupombwe. Vakadaro. Madzimai anoenda pakati peguta pano uye havagone kutenga dhirezi, kunze kwekuti ringe rakaita sevakadururirwa mariri. Handisi pano ku...Ino ichечи yangu. Ndine kodzero yekuparidza zvandinonzi neMweya Mutsvene ndiite. Ndizvo.

⁴⁰ Regai ndikutaurirei. Handisi kukutsoropodzai, hanzvadzi yangu. Asi ko Mweya Mutsvene haakudzidzisei zvakasiyana here? Kana usingadaro, handifungi kuti wakawana Mweya Mutsvene. Ndizvozvo chaizvo. Mweya Mutsvene hausi “kudanidzira.” Mweya Mutsvene hausi “kutamba muMweya.”

Mweya Mutsvene hausi “kutura nendimi.” Mweya Mutsvene kururama. Mwari, tipeiwo rumutsiriro rweMweya Mutsvene rwekururama kwakatumwa naMwari.

⁴¹ Hauzivi here kuti kana ukazvipfekedza zvakadaro zvino wofamba mumugwagwa, zvino varume vokutarisa nenzira isiriyo, kuti paKutongwa. . . Unogona kuva wakachena sehapa, pamberi pemurume wako. Asi, pazuva reKutongwa, unenge uine mhosva yekuita hupombwe nemurume wawakazviratidza kwaari.

⁴² Ndosaka Zvichizoita kuti munhu anyare! Ndosaka! Zvinoita sei kuna Mwari? Apo, Bhaibheri rakatura, kumavambo, kuti, “ZvakaVashungurudza, kuti Vakasika munhu.” Zvakashungurudza moyo waMwari, paVakavatarisa mumazuva ayo kuparadzwa nemvura kusati kwaitika, kuti Vakasika munhu. Chii chakaitika? “Vanakomana vaMwari vakaona kuti vanasikana vevanhu vakange vakanaka.” Kwaiva kutsveyamiswa. Kwaiva kutsveyama kwekusangana pabonde. Ndicho chaiva chinhu icho chakadzinga vana vaMwari kubva mubindu reEdheni. Ndicho chaiva chinhu icho chakaunza kutonga kwaMwari, kuti kuunze rugare panyika. Ndicho chaiva chinhu icho chakavaita kuti vaparadzwe. Kwaiva kusanganisa kumwe chete ikoko, pakati pemadzimai nevarume, kwakaita kuti Sodhoma neGomora dzinyure pasi peGungwa Rakafa.

⁴³ Zvakataurwa nevaporofita. Zvakataurwa naIshe Jesu, kuti, “Sezvazvaiva mumazuva iwayo, ndizvo zvazvichava Kuuya kweMwanakomana waMwari kusati kwaitika.” Tinotarisa nhasi, toona kuti chechi haisi kutora patani yayo kubva muBhaibheri, kubva kuna Rute uye kubva kuna Naomi, uye nekubva kuna Sara nevamwe vari muBhaibheri. Asi vari kuzvifananidza, kunyangwe madzimai emuchechi, vari kutevedzera Hollywood nezvacho zvinokwezva zvadhiyabhore.

⁴⁴ Uye kuti vanhu vedu, vanozvidaidza kuti Makristu, vanoenda kunze uku vonotora nzira dzemunhu uyu wakaiwa. Marekodzi aya aElvis Presley, hamheno chero zviri zita rake, mumwe wevanhu vakanyanyisa kunyengereka, vakagarwa nemadhimoni vandakambonzwa nezvavo muhupenyu hwangu. Arthur Godfrey nevamwe vakadaro, moteerera kumhando dzezvisina maturo zvakadaro pamaredhiyo enyu; uye moramba kunzwa mharidzo yeVhangeri richiparidzwa, neBhaibheri. Mwari vakunzwirei tsitsi. Imhandoi yemweya watinawo pakati pedu? Ndizvozvo chaizvo.

⁴⁵ Ndosaka muporofita waMwari akanyara pamberi pa—paShe. Akaziva kuti kwaiva kusarurama. Zvino akamira akakumbirira nyaya yacho, zvino akati kuna Mwari, “Hatina kururama.”

⁴⁶ Uye takadaro, shamwari, kusvika tava kugona kudzoka panzvimbo iyoyo yekuwedzerwa Ropa. Regedza kuedza kuisa

mabhandiji ekunamira. Regedza kuedza kuisa mushonga. Kupora hakugone kuuya kunze kwekunge muhwezva weropa wakanaka.

⁴⁷ Ndicho chikonzero vanhu vaine chirwere cheshuga. Kana munhu akazvicheka, potse-potse hachitopori. Sei? Nekuti zvizenga zvitsvuku zveropa zvakadyiwa.

⁴⁸ Zvino chechi yose yava nechirwere cheshuga. Uye kakuchekwa kadiki kese kanongoitika, panzvimbo yekufambira mberi, unopatopora. Hapagoni kupora. Hundini, makaro, hunzenza, nezvimwe zvose zviri mukarenda raMwari rezvinozveva “zviito zvakashata,” chechi iri kunongerredza tsika idzodzozve. Varume vachinwa, kuputa, vachitaura nyambo dzine zvinnyadzi. Vakadzi vachigera bvudzi ravo, vachizora pendi kumese, vachiita mhando dzose dzezvinhu, vachizvipfekedza zvisina hunhu kuti vaonane nevanhu. Zvinhu zvose izvozvo zvakadaro nekuda kwekushaya Ropa raIshe Jesu Kristu kuti ritichenese kubva pakusarurama kwose. Amen. Zvinogona kuita sezvakaoma. Chokwadi, zvakaoma, asi iChokwadi.

⁴⁹ Kana tikasabuditsa kunze hashu dzaMwari samasimba, uchabatwa nerimwe ramazuva mukuputika kwebhambu reatomiki pano, richaendesa mweya yese muna Ziyendanakuenda, kunosangana naMwari vachacherechedza chete Ropa rweMwanakomana waVo, Kristu Jesu. Ndinoda kukuona uchiuya pasi peRopa. Rairo yangu, kwauri, ndeyekuti uve wakarurama naMwari. Ndiyo rairo yangu kwauri.

⁵⁰ Zvino, sei tisingagone kuva nekutenda? Sei tisingagoni kuva nekupodzwa kukuru kudarika kwatinako? Sei tisingagoni kuzviita kuti tive takavakika zvine mwero? Chikonzero ndechekuti tiri kuisa mabhandiji ekonzi; nekuti tiri kuisa zvinonamira; tiri kuisa tepi inonamira. Tiri kuedza kuvhara chinhu chacho, pachinzvimbo chekutura kuti tinoda kuwedzwa ropa. Hatina Ropa. Hatina Kristu. Usazvirega uchinyengerwa.

⁵¹ Usatendera dhiyabhore kuti akubhabhadzire pabendekeke, achiti, “Handiti, ndinoenda kuchechi.”

⁵² Dhiyabhore anoendawo, zvakare. Ndizvozvo. Akatodaro; akakwira kuna Mwari, akatoenda kuchechi kumusoro Kudenga; ndokuuya pamberi peChigaro chaMwari chehumambo, nevanakomana vaMwari, akagara pamwe navo; akava nenhaurirano naMwari. Vakati, “Ko wanga uripi?”

⁵³ Akati, “Kufamba ndichienda nekudzoka, kukwira nekudzika, panyika.” Ndiko kwaakange ari.

⁵⁴ Saka, dhiyabhore anoenda kuchechi. Dhiyabhore ndewe chechi. Dhiyabhore anozvibata seMukristu. Munyengeri. Zvino dai aisazvibata seMukristu uye aisazvibata sechechi, aisazova munyengeri; hakuna munhu ainyengerwa. Chinhu chete, zvine musiyo wakaita sechitema nechichena. Zvinopesana chimwe

nechimwe. Asi Ivo . . . Bhaibheri rakati, “Zvichange zviri pedyo nepedyo kwazvo zvekuti zvaitonyengera Vasanangurwa chaivo kana dai zvaigoneka,” mweya iwowo muzuva rekupedzisira. Shamwari, tasvika.

⁵⁵ Yakwana nguva yekuti vaporofita vaMwari, oo, hama, yekuti vaparidzi, kana mukazvitauro, kwese munyika yose, kuti vawire pachiso chavo.

⁵⁶ Nhai, kunyangwe, kune mamiriyoni gumi nemapfumbamwe emachechi eBaptisti . . . MaBaptisti mamiriyoni gumi nemapfumbamwe, waro, muAmerica; mamiriyoni gumi nematatu emaMethodisti; mariyoni gumi nerimwe emaLutherani; mamiriyoni gumi emaPresbyteriani. Nhai vedu, pafungei! Uye nguva dzose vachienda kumitambo yebhora, kunzvimbo dzevaraidzo. Zvino nemusi weChitatu manheru, kana dzimwe nguva neSvondo husiku, vanogara kumba vachiteerera terevhizheni neredhiyo, nezvinyaya zvidiki zvinosetsa pamwe nenyambo zvavanotora kubva kuHollywood. Mweya wako uri kufambira pamusoro pezvinhu zvakadaro.

⁵⁷ Pauri, kufanira kuva neBhaibheri rako kunze kune imwe nzvimbo, wakazviyanika pamberi paMwari, uri pamabvi ako, uchinamatira zvivi zvenyika.

⁵⁸ Uye ndine mhosva pamwe chete nemi. Ndatsunga moyo wangu. Nerubatsiro nenyasha dzaMwari, kana Mwari vedu vakandipa simba rekuzviita, ndatsunga kushingairira mberi kune nharidzano yekudanwa kwepamusoro muna Kristu Jesu, kusvikira rufu rwandisunungura. Mwari ivai mubatsiri wangu kuti ndiite saizvozvo! “Ndibatsireiwo,” ndiwo munamato wangu. Tichiona mabasa, nekuona zvinhu zvandakaona uye nezvamakaona, nekusarira kumashure, nekupera ropa pamweya.

⁵⁹ Zvino tabhanakeri ino inozivikanwa nepasi rose, nzvimbo ino diki yezvidhinha zvekongiri yakagara pakona, Mwari vakakusimudzirai pamberi penyika. Ndizvozvo.

⁶⁰ Ndinofunga izvo Dhavhidhi, humwe husiku, paakati, “Hezvinoi ndiri pano, ndichigara muimba yemusidhari, asi areka yaMwari wangu inogara mutende.” Akati, “NdichaVavakira imba.”

⁶¹ Natani, muporofita, akati, “Ita zvose zviri mumoyo mako, nekuti Mwari vanewe.”

⁶² Husiku ihwohwo, Mwari vakauya kuna Natani vakati, “Dha- . . . Enda unoudza Dhavhidhi, ‘Wakange uri ani, Dhavhidhi? Waiva . . . Ndakakutora kubva mudanga remakwai, kubva pakutarira makwai. Zvino ndikakuita zita guru, sevarume vakuru vemunyika.’”

⁶³ Aive ani mutabhanakeri duku ino akange akagara pano? Chimwe chinhu chidiki chakashoreka, chakaraswa chakagara

pakona paEighth naPenn Street, kusvikira Jeffersonville yaisaziva payaiva, nevanhu vanouya pano. Asi nhasi, Mwari, netsitsi dzaVo, vakakunhongai uye vakakuitai vanhu vakuru. Bombay, India inoziva pagere tabhanakeri ino. Durban yaikuzivai; dzimwe nyika dzose idzi. Africa inoziva pane nzvimbo ino; India, Germany, England, Finland, Sweden, Europe, Asia, ivo vose, kudzika zasi muzvitsuwa zveThailand, uye nezasi umo, vanoziva zvose nezvayo. Zvino Mwari vakatiita muenzaniso kuvanhu. Zvino kufunga, ipapo, mushure mekunge Mwari vazviita, zvino totendeuka uye topedza nguva muzvinhu zvenyika, tobva taita chinhano chaicho chekushomeka ropa pamweya. Handiti, tinofanira kuva imba inovheneka chiedza yakamira pamusoro pechikomo, kenduru risingagoni kuvigwa. O Mwari! Ndine mhosva semi mose.

⁶⁴ Zvandinoreva, ndinoda—ndinoda kutendeuka kwakare, kwakatumwa naMwari, uye nekudanira kudzokera zvakare kuna Mwari, kuti kana varume nevakadzi vakapinda nepasuwo iro, vari pamadondoro, vanofamba vachibuda vasina madondoro. Kana bofu rikatungamirirwa kupinda nepamusiwo, vanobuda vave kuona. Kana matsi ikapinda isinganzwi, vanobuda vave kunzwa. Kana vatadzi vakapinda muno, vakasviba kuti tsvaa nechivi, vanobuda, vashambwa muRopa reGwayana. Hatigone here kuzviita? Mwari vakadana Israeri vakaiita muenzaniso. Mwari vakatidana vakatiita muenzaniso, asi taregerera Mwari, uye zvinotinyadzisa muHupo hwaMwari.

⁶⁵ Kuzvifunga kuti, zvinhu zvaVakatiitira! Kuti Vakatisimudza kumusoro sei tichibva mudanga remakwai! Kuti Vakatiita kuti tizivikanwe, pasi rose! Kuti Vakatiitira sei chinhu chikuru! Uye, zvakadaro, tinopedza nguva, tichisangana nekubuda, uye hatitaridzike sekuya takaperera. Hatichaiti munamato zvachose, uye zvinhu hazvichaiti, sekunge, zviri kufamba zvakanaka. Zvino tiri kuedza kuisa tuhurongwa tudiki, mabhandiji ekonzi, kurerutsa marwadzo. Haugoni kurerutsa marwadzo kusvikira wawana Ropa rakanaka, rine hutano imomo kuti ripodze chinhu chacho. Ndizvozvo chaizvo!

⁶⁶ Ukacheka uchibvisa konzi yakare, zvino unozviwanira chirwere cheshuga, zvino chinobvisa tsoka yako. Usaedze kubvisa *ichi*, nekunyenyeredza *ichi*, wocheka bhandiji rekonzi pane *ichi*.

⁶⁷ Asi chinhu chekuita kunyatsobuda pachena pamberi paMwari, zvino woti, “Mwari, ndine chirwere chekupera ropa, uye ndinoda Ropa reNyu kuti rindichenese kubva kuchivi changu chose.” Ndiwo munamato wangu, ndichivimba kuti ndiwo wenyuwo.

⁶⁸ Funga pamusoro pezvinhu izvi, shamwari. Nerimwe ramazuva; zvichatongoitika zuva risati rabuda mangwanani, sezvazviri kuzoitika makore makumi mashanu kubva nhasi.

Bhambu rimwe chete rechitundumuseremusere, rimwe reaye mabhambu ecobalt kana rehydrogen...Nyika yose iri pakutarisa yakangwarira.

⁶⁹ Makazviona mubepa rimwe zuva apo varikuda kuti sainzi, vepentagoni, kuti ipe mhinduro pane zviyedza zvinobhururuka. Zvakanga zvisiri ngano. Zvakanga zvisiri zvimwe zvinhu zvakafungidzirwa. Zvaiva zviri zvechokwadi. Zvakange zviri humwe huchenjeri. Zvakabhururuka nenzira inoitwa muhondo. Zvaigona kumira. Zvaigona kutanga. Zvaigona kumira. Zvaigona kutoziva. Zvaiva humwe huchenjeri. Vanozviziva. Vanhu vakaseka. Vakati, “Zviyedza zvinobhururuka?” vakaita dambe nazvo.

⁷⁰ Asi munoziva zvandiri kufunga? Jesu akati, asati Auya, pachave nezviratidzo Kudenga kumusoro. Makacherechedza here? Asati atanga, kuparadza Sodhoma neGomora nekuda kwehupombwe hwavo, Akatumira Ngirozi zasi kuti dziiferefete. Ngirozi dzakauya panyika mumakore mashoma apfuura. Dzakaonekwa dziri pakati pevanhu; ndinoreva, vanhu vakatendeka vakashambwa neRopa vanozviziva. Dzakatamira uye dzikatorwa mifananidzo yadzo. Ndizvozvo. Ngirozi Pazvima dzakashanya, dzichitora shoko richidzokera kuna Baba, chivi ichocho chaita murwi kusvika nyeredzi hadzichatokwanisi kupenya. [Hama Branham vanogodza papurupiti kashanu—Mupepeti] Mwedzi...Pasi rose riri kudzadzrika semurume akadhakwa ari kuuya achipinda pahusiku. Ndizvozvo.

⁷¹ Chivi pakati peMakristu, pakati peVasanangurwa! Vakatangesa hudangwe hwavo, kuitira mukurumbira. Mushumiri achinjanisa Vhangeri achiriita kuve pati yeveruzhinji. Akachinjanisa Vhangeri rakare rakashambwa neRopa achiriita kuve renjere kune vanhu, achiparidza zvenjere, achitaura zviri munharaunda, nekubata Vhangeri nenzira isina kunaka. Vazhinji vavo vakaenda kunze kuminda yekuvhangeri, vachiparidza, vakashandisa Vhangeri kuzviunganidzira hupfumi pachavo, kuti vaite mari. Vazhinji vavo vane matura makuru nemotokari dzakawanda, nezvinhu zvavangadai vasitorina, kuzviunganidzira hupfumi. Havasi vose; Ndinotenda zvikuru kuti kuchiri nevakasara.

⁷² Mumazuva aEzira, apo Ezira akatanga kuchema, achidaidzira nekutsiura chivi, munoziva here zvakaatika? Vasanangurwa vose, vakavimba naMwari, vakaungana kwaari.

⁷³ Zvatinoda nhasi uno varume nevakadzi...Vaparidzi venyu vari kuparidza, machechi iwayo, vachidaidza chivi kuti “chivi,” nekuchitsiura, vanhu vaMwari chaivo vanoungana kwauri, uye vogara newe. Ndizvozvo. Yakwana nguva yekudaidzira, nekutaura zvinhu sezvazviri, nekupatsanura chakanaka kubva pane chakaipa. Mwari zvipeiwo kwatiri, kuti tigova nehushingi hwekuzviita.

⁷⁴ Chingofunga zvinogona kuitika. Sezvandanga ndichikuudzai, ndinotenda kudaro, mangwanani ano, kana kuti ndakanzwa mumwe munhu achizviture, izvozvo pamusoro . . . Mumwe wevatariri ava vari kutarira; ndakanganwa zvamunozvidana zvino, zvebhambu, kana ndege dzichauya. Kasiri kare, paiva nechirongwa chakauya nekune imwe nzvimbo, uko kwavakanga vadana ndege dzakawanda, nendege dzemajeti ehondo mazana matatu dzakatakura mabhambu eatomiki nemabhambu ehydrogen akange akaremba pasi padzo.

⁷⁵ Hakasi kare, panhandare yendege huru kuShreveport; mumwe wevakomana akatendeuka ikoko mumisangano kwaHama Jack. Akati, “Tine mabhambu eatomiki akaremba imomo chaimo muzvivakwa zvedu zvinochengeterwa ndege.”

Ndakati, “Iwe hausi . . .”

⁷⁶ “Mune . . .” Ndinoreva, “Mu—mundege; zvino taienda kunodzidzira nawo, zuva nezuva.”

Ndikati, “Hautyi here?”

⁷⁷ Akati, “Haana kuiswa maari magwenya anokonzera kuti aputike. Asi takangongwarira kwazvo, zvokuti muchikamu cheminiti, masekonzi makumi matanhatu, tinogona kuisa magwenya dzobva dzaenda. Dzakatoiswa mafuta uye dzakagadzirira, dzinogona kubhururuka dzichienda kuEngland nawo, pakarepo.”

⁷⁸ Dzimba huru dzinogara ndege dziri kunze uko munyanza, kwese-kwese. Zvino vari kuti kune Russia, “Musatombozvedza zvenyu kudonhedzera bhambu rimwe! Mukangodonhedzera bhambhu reatomiki rimwe chete paU.N. kana kumwe uko, zvino munoono zvinoitika!”

⁷⁹ Zvichazoveiko? Inozova hondo inoparadza inoenda kuRussia. Zvino kana vakadaro, votanga kudonhedza mabhambu aya eatomiki nehydrogen, zvinokonzeresa kuputika kunoramba kuchienderera mberi kunozopisa pasi rose pachibvira ku—kuita setambo yerambi, ichingonyungudika. Munoziva, hazvizopesani neGwaro kana nepadiki. “Nekuti nyika ichabvira, nedengawo, zvakare.” Maatomu enyika achabvira.

⁸⁰ Tiri kurarama muzuva rine njodzi. Tiri kurarama muzuva apo varume vemunyika vari kutya kunge vachafa. Varume vakuru, vari—vari kutya kuti ndiani achaputitsa bhambu rekutanga iroro. Bhambu rekutanga rinotupfunurwa, zvino chinhu chose chinobva chaiti ri—rimwe mushure merimwe.

⁸¹ Inofanira kuva iri nguva yekufara zvakananyisa panyika kuMukristu. Nguva dziri kuzoshanduka. Vakweguru vachaita vechidiki. Oo, ini zvangu! Rufu rwuchanyangadika. Hurwere huchapera. Kuchisina misangano yekunamatira vanorwara. Kuchisina misangano yekunamatira vakarasika. Asi Mwari

vachauya kuzotora Vasanangurwa kubva kumhepo ina dzenyika, vachavaunganidza pasi pebapiro raVo pachavo, uye tichagara nekutonga pamwe chete naVo nekusingaperi Kudenga raVo.

⁸² Oo, hama, hanzvadzi, shamwari yangu, kana usina kugadzirira husiku huno, dai wagadzirira panguva ino. Ndinokupai kokero yekuuya kuna Kristu Jesu, husiku huno, uye mugamuchire. Imi avo vakange vakasiyana, imi munoziva kuti hamusi pamunofanira kunge muri naMwari, Ndinokukokai kuartari pamwe neni. Ndinokoka mumwe nemumwe wenyu kuti auye pano, uye kwete bedzi kungotaura, asi kugara pano kusvikira Mwari vachenesa mweya wenyu kubva kune zvinhu zvose zvisina kuita saIvo, kusvikira wava kugona kubuda muno wava munhu mutsva. Kwete wakapfeka bhandiji rekonzi, asi kubuda muno neRopa rakawedzerwa rinochenesa ropa rako uye rokupa Hupenyu hutsva netariro itsva. Wobuda uine rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene. Wobuda, kwete uchidanidzira, kwete uchitamba, kwete zvakanyanya. . . Zvinhu izvozo zvakanaka. Zvose ndezve muChechi. Zvose ndezve muBhaibheri. Asi zvandiri kutaura pamusoro pazvo Mweya Mutsvene, rudo rwaMwari.

⁸³ Mumwe mujaya aitaura neni rimwe zuva. Amai vake, mudzimai anodikanwa. Ndinoziva mudzimai wacho, ndakasangana navo kamwe chete kana kaviri. Zvino vakati, “Oo, mudiwa,” kumwanakomana wavo, “huya pano, ndinoda kuti utarise. Ndine mafuta muruoko rwangu.” Zvakanaka, ndinawo, zvakare. Apo pandanga ndichidikitira. Zvino, vakati, “Ndine mafuta muruoko rwangu.” Vakati, “Unofungei nazvo?”

⁸⁴ Zvino mukomana akatarisa amai vake, akati, “Amai, ndinoda kukubvunzai chimwe chinhu.” Vaida kuti anamate, vaimoda kuti anamate kuti vazove nekufamba pedyo naMwari. Akati, “Mafuta paauya muruoko rwenyu, abvisa here kupomerwa kwenyu kwose? Kwakupai here chiitiko chinotapira naMwari, apo mafuta. . .”

“Kwete.”

Akati, “Zvino ndaizvisiya zvakadaro.” Ndizvozo.

⁸⁵ Oo, nyika, nyika yechinamoto, vanhu vechipentekosti, vari kutsvaga zvinhu zvinoshamisa. Nyika, nyika (inodanwa sekudaro) yevakadzidza, nyika yemasangano, iri kutsvaga mhinduro huru yekuti vagone kuita kuti kusangano ravo rive zviru nani uye nekuti vawane dzimwe nhengo dzinouya mariri, “imwezve miriyoni,” munoziva.

⁸⁶ Uye nyi—nyika dziri kutsvaga imwe mhando yeboka remapurisa rinogona kugwadamisira nyika dzose, zvino rounza kururama.

⁸⁷ Hama, hazviuyi nezvinoshamisa zvepentekosti. Kana kuuya nemasangano echiProtestanti kana hurongwa hwezvinzvimbo zvemaKatorike. Kana kuuya nemapentagoni, kana kuzarura

mapeji matsva. Zvinouya nehupenyu hwakazvipira zvizere kuna Jesu Kristu, kuburikidza nerubhabhatidzo rweMweya Mutsvene. Chinhu chese chisina kudaro, handicho.

Ngatinamatei.

⁸⁸ Ndichakumbira hanzvadzi yedu kuti iuye kuogani apo, piyano, panguva ino. Tichiri mumunamato, apo munhu wese akakotamisa musoro wavo, uye munhu wese ari mumunamato. Handizivi, panguva ino, kana ungayera mweya wako neShoko raMwari. Wakarurama here?

⁸⁹ Mushure meshumiro ino, sezvandakuudzai. Ndina ambuya vangu varere uko, varere vari pachinhano cherufu. Ndinofanira kunovaona. Vari kufa. Dzimwe shamwari, dzandinoziva pano, dzandashanyira, dzakarara dziri pachinhano cherufu, vanhu vakambogara muchechi muno. Oo, hama, hanzvadzi, muri kuuya zasi ikoko, zvakare. Unofanira kuuya zasi ikoko.

⁹⁰ Zvino, unoti, “Saka, ndi—ndinozviziva, Hama Branham. Ndiri kuvavarira kugadzirisa chinhu ichocho, nerimwe ramazuva.” Asi rinogona kusava “rimwe ramazuva,” kwauri. Rino ndiro rinogona kuva zuva roga.

⁹¹ Ko murume uya akagozivei, achibva kuCalifornia, achienda kuMichigan, rimwe zuva, nemudzimai wake mudiki kumusoro kuno, achityaira mo—motokari; iye ari mumotokari yekutakurisa zvinhu, vachienda kumba kwavo kutsva. Akange achangoenda pamudyandigere abva pabasa reMauto anoshandira munyanza. Ko akagozivei paakabuda mangwanani iwawo, pamwe achibva kunzvimbo inoshanyirwa, kuti mudzimai wake nemwana vaizova zvitunha mumaminitsi mashoma? Asi, neche kumusoro kweHenryville uko, Motokari yavo yakadhumbhana nebhazi. Zvino mutyairi akaita kuti mo—mo. . . motokari yake igonye, potse, asi yakauraya mudzimai nekasikana kadiki. Ndinovimba kuti mweya wavo wakange wakarurama kuna Mwari.

⁹² Mavhiki mashoma apfuura, apo Hama Wood neni takaenda kumusoro uko kune ndege yakange yadonhera kuseri kwenzvimbo yekuno, zvino takavatarisa vachidhonza zvidimbu zveimitumbi yavarume vasere, apo misoro nemakumbo nemaoko zvaive zvakamwararika kwese-kwese. Vachinhonga mutumbi, nematumbu achidonha kubva mumutumbi wemurume; murume akanaka, pamwe, mumwe murume ane mukurumbira anobva kuChicago. Murume iyeye paakapinda mundege mangwanani iwayo, handizivi kuti husiku hwaakaenda kucheche, kana aiva nezvinangwa zvakanaka. Ko mufundisi akashevedza vanhu kuartari here? Akatsiura chivi here, uye murume akawana mukana here? Kana kuti akabuda semhuka? Ko murume uyu, muhuro hwaMwari, aiva here mwanakomana waMwari?

⁹³ Fungai pamusoro pezvinhu izvozvo, shamwari. Zvakakosha. Hazvina kungokosha chete, ndizvo zvinhu zvakakoshesesa

kwamuri panguva ino. Ino ndiyo nguva yauchaita sarudzo yako. Ino ndiyo nguva yaunoita sarudzo yako yehupenyu huno, kuitira hupenyu huchauya. Ungazviitewo here tichinamata.

⁹⁴ Baba veKudenga, sekuverenga kwataita muBhaibheri pamusoro pezvaMakataura pamusoro pechivi, neavo vanochiita vorega kureurura. Tinoziva zvazvinaireva kufa usingazivi Mwari. Tinozviziva kubudikidza nezviitiko zvevamwe, vatakaona vachienda. Avo vaida, avo vakazviverengera kwenguva refu kwazvo. Mwari, avo vakapupura uye vasina kana izvo zvavaitaura kuti vanazvo. Avo vakazvibata seMakristu, asi zvakadaro vasina kumbobvira vari Makristu. Hupenyu hwavo hwakazviratidza, uye rufu rwavo rwakazviisa pachena.

⁹⁵ Zvino, Baba, ndinonamata kuti Mutaure kumoyo woga-woga pano husiku huno. Uye neni pachangu, Ishe, nekungonokera kuita zvinhu, nezvinhu zvakawanda zvandaigona kunge ndakaita asi handina kuzviita, ndinoreurura kukanganisa kwangu. Ndinoreurura kukanganisa kwevanhu ava. Ndinoreurura kukanganisa kwenyika ino. NdinoKukumbirai kuti muve netsitsi, Ishe. Ndine vana vadiki vatatu apo vekurera. Uye tiri kurarama panzvimbo ino ine njodzi, uye, Mwari, hapana chikonzero chekumhanya. Munoziva zvose pamusoro pazvo. Mwari, ndinoda kururama kwaMuri.

⁹⁶ Nerimwe zuva, kana bhambhu reatomiki rikasatitora, tsaona ichatitora. Kana tsaona ikasatitora, chimwe chirwere chichatitora. Chimwe chinhu chinofanira kutitora. Asi tinofara kwazvo kuziva kuti kune nzira yekupunyuka nayo. “Zita raJehovha inha—nhare, uye vakarurama vanomhanyiramo uye vanochengetedzwa.” Mwari, dai shamwari mutadzi, husiku huno, mukomana, musikana, murume kana mukadzi, aone mukova wakavhurwa, mukana, omhanyira kuna Kristu panguva ino.

⁹⁷ Zvino takakotamisa misoro yedu, pane vamwe here vari pano, kana vacha. . .Ndinoziva kuti pane vamwe pano vanoda kuti, neruoko rwakasimudzwa kuna Mwari, “Ndinonyara nehupenyu hwangu. Uye ndi—ndinoda kureurura kukanganisa kwangu pamberi paMwari, uye nekukumbira tsitsi.” Simudza ruoko rwako kuna Mwari. Mwari vakuropafadzei. Mwari vakuropafadzei. Mwari vakuropafadzei. Pane vakawanda venyu, vakawanda venyu. Hongu. Pane vakawanda venyu pano, zvakare, avo. . .Mwari vakuropafadzei.

⁹⁸ Vakawanda venyu pano, vapupura Chikristu kwenguva refu, asi uchiziva kuti wakatatidza kuita zvinhu maererano nezvinoda Mwari, uchiziva kuti uri kuita zvinhu iko zvino zvausiri kufanira kuita. Uye uri kuenda, usingazvireurure, uchingopeperetswa zviri nyore uchingoenda kwaenda saisai. Uchitarisa mhando dzezvirongwa zvausingafaniri kutarisa. Uchitarisa mhando dzemamazhini nekuverenga mabhuku ausingafanire kunge

uchiverenga. Hazvina kufanira kuMakristu. Uchiteerera nyambo dzakaipa—dzakaipa uye dzine tsvina dzakasviba zvaunoziva kuti haufaniri kuita; vose varume nevakadzi. Unoziva nzvimbo dzawaigona kunge wakataura asi hamuna kuzviita, zvino une mhosva, pamwe, nechivi chekuregedza.

⁹⁹ Handizivi kana ungasimudza ruoko rwako kuna Kristu, kuti vakunzwirei tsitsi, nekukuregererai. Simudza ruoko rwako. Mwari vakuropafadze, mudzimai wechidiki; apo mudzimai afamba, achiuya kuartari, kuzoreururawo zvake. Simudza ruoko rwako kuna Mwari. Mwari vakuropafadzei. Ndizvozvo, changamire. Ndizvozvo. Mwari vakuropafadzei. Simudza ruoko rwako. Iwe unoziva kuti wakaita zvakaipa.

¹⁰⁰ Handizivi kana uine hushingi, husiku huno, kusangana neni pano paartari. Ngatipfugamei pano toti, “Mwari, ivai netsitsi kwatiri tose. Tiri kuda Imi.” Mwari vakuropafadze, mudzimai.

¹⁰¹ Kuona madzimai aya echidiki achiuya, achichema, hupenyu huri kumberi kwavo! Vari pamharadzano. Vakabatwa nemamiriro ezvinhu. Chii? Munocherechedza here, varume vakweguru, pataiva vakomana, vakomana vedu vane muyedzo wakapetwa kagumi kupfuura wataiva nawo? Hanzvadzi, munocherechedza here kuti mwanasikana wenyu ane muyedzo wakapetwa kagumi kupfuura wamakange munawo muri musikana? Ko mwanasikana wake achawana wakadii? Tarisai zvinhu, mifananidzo iri kuratidzwa nadhiyabhore.

¹⁰² Oo, tinoda sei kunamata! Zvino tichadzokera kwamuri zvakare. Hama, munocherechedza here kuti hatinamati zvinosvika pahafa yezvaitwa nemadzibaba edu? Mufundisi, munoziva here kuti hatiisi nguva yakawanda tiri pamabvi edu sezvaitwa nefundisi vaiva kumashure kwedu? Madzimai, munocherechedza here kuti hamucharaira mwanasikana wenyu, nekunamata naye husiku, sezvakaitwa namai wenyu kwamuri? Zvino, saka chii zvino, ndiani ane mhosva? Tine mhosva. Hakuna imwe nzira yekuzvinyenyeredza. Tine mhosva.

¹⁰³ Ndine mhosva. Ndine mhosva yekusaita basa raMwari, sezvandinofanira kuita. Ndiri kuzvireurura, kuti ndakatadza. Ndiri kukumbira Mwari kuti vandinzwirewo tsitsi. Ndinotarisa kunze kuno ndoona mikana yandakapotsa, nekuda kwezvinhu zvisina basa, zvinhu zvidiki, zvakare zvisina kukusha zvakanga zvisingarevi chinhu. Ndinozvinyarira, semushumiri weVhangeri pamberi penyu. Ndinotendeuka pamberi paMwari, nekukumbira Mwari kuti vandiregerere, uye nechechi indiregererewo, Nekuregedzeka kwazvo pabasa raMwari. Nyenyasha dzaMwari, nerubatsiro rwaMwari, handicha—ndichateereri kune izvo... Munhu wese achiedza kukuudza chimwe chinhu chekuita. Vane chirongwa. Vane chimwe chinhu chekuti uite. Hazvina maturo. Ndinoziva hurongwa hwaMwari; hwakanyorwa pano muBhaibheri. Zvino

ndinozvinyarira semushumiri weVhangeri. Mweya inosvika miriyoni yakaponeswa; ndaifanira kunge ndakaunza mweya mamiriyoni gumi kuzoponeswa. Ndiri kumashure zvakanyanya.

¹⁰⁴ Ko iwewe? Mweya mingani yawakaunza kuzoponeswa kubva pawakauya muna Kristu? Chikristu chinobva pane mumwe chichienda pane mumwe. Mweya mingani yawakaunza kuzoponeswa kubva zvawakava Mukristu? Kana usiri kuunza mweya kuzoponeswa, une mhosva, haubereki, waunza kunyadziswa paChechi neVhangeri. Vanhu vangani vaunobudira kuti vauye kumusangano wemunamato weChitatu manheru? Kana usiri kuzviita, unofanira kuzvinyarira pamberi paKristu. Une mhosva, uye nzvimbo yako iri paartari. Ndinokukoka kuti uuye neni, kuzotendeuka. [Hama Branham vanomira zvishoma—Mupepeti]

¹⁰⁵ Zvino mungakotamisa here misoro yenyu, mugoramba makaikotamisa kwechinguvana, apo pandiri kunzwa mhosva yangu uye ndiri kuda kutendeuka. Chingokotamisa musoro wako. [Hama Branham vanobva papurupiti vachinopfugama paartari—Mupepeti]

¹⁰⁶ Baba vedu Vekudenga, ndinopfugama paartari ino ndichikumbira kuregererwa kwechivi changu. Ndinokumbira ruregerero rwezvivi zveavo vari paartari. Ndinokumbira ruregerero rwechechi ino, rwemutumbi—rwemutumbi wevatendi vari munyika ino nekwese kunze kwenyika. Ndinokumbirira tsitsi kwatiri, nekuregedzeka pamusoro pezvinhu zveHumambo. Ndinokumbira kuti Mutikanganwire zvivi zvedu, nekubvisa kudarika kwedu—kwedu—kwedu. Uye mutiregerere nekuda kwehupenzi hwedu hwakanyanya, nekuda kwehupenzi hwevanhu. Zvokuti tatadza kusvika chaipo pakafanira! Zvokuti tatora zvokusimbisa muviri! Zvokuti taita zvinhu zvatisingafaniri kunge takaita! Zvokuti takatadza pamberi peNyu!

¹⁰⁷ Uye nemusangano uno wemanheru eSvondo, Baba, tichiona muporofita ari kunyara wemuBhaibheri, tinonyara husiku huno. Ndinonyara pamberi peNyu, nekuda kwezvivi zvevanhu. Vanhu, nyika yangu, vanhu vangu, ndanga ndiri kuvanyarira, Ishe. Kuona madzimai edu echidiki vachifamba mumigwagwa vachizvibata nzira yavari kuita! Kuona hupfeve, varume vechidiki vachirarama mune—mune mhandu dzose dzehupenyu! Nekuvaona vachigara kumba vasiri kuchechi, uye vachiverenga mamagazini akare avasingafaniri kuverenga! Vachitarisa zvirongwa zvisina kupepetwa! Vachiteerera kunyambo dzeHollywood dzine tsvina! Vachiterera mumhanzi weboogie-woogie wadhyaabhore, wakachechenywa kubva kune varume vane mbiri yakashata uye vane hana dzakasvibiswa, kurunzira kwadhyaabhore, kufemere mabasa adhyaabhore kuti aende mberu!

108 O Mwari, ndinozvinyarira nekuregera kutsiura nenzira yandinofanira kuzviita. O Mwari, bvisai mhosva yangu. NdinoKukumbirai kuti muzviite. NdinoKukumbirai kuti muregerere vanhu ava vari pano, chekutanga, isu tose. Tibatsirei kusimuka tichibva paartari ino sevarume nemadzimai matsva. Tibatsirei kubva pano nemaendero anofanira kuita Makristu.

109 Tibatsirei “Kubvisa zvose zvinorema, uye nechivi chinotivhiringidza nekukurumidza, kuti tigomhanya nekutsungirira nhangemutange yakaiswa mberi kwedu.” Kwete kutarisa kuterevhizheni, kwete kutarisa avo vanoita zvekusetsa vanhu vemunyika, asi, “Takatarisa kuMuvambi neMupedzisi wekutenda kwedu, Ishe Jesu Kristu, Iye akazvidza kunyadziswa kwepamuchinjikwa uye akakutakurira isu, uye akatambudzwa kunze kwemusasa, kuti Agochenesa vanhu neRopa raKe.”

110 Tichenesei kubva mukusarurama kwose, uye titorei sevana veNyu momene, husiku huno, uye tigamuchireiwo mumunamoto uno wekutendeuka. Uye mutipe, Ishe, rugare nemufaro. Uye dai mibhedha yose, husiku huno, patinorara, tichifunga nezvemusangano wamanheru ano, dai tafunga nezvemamiriro enyika, izvo zvatakarurirwa neBhaibheri zvino. Dai isu, tichifunga pamusoro pazvo, huso hwedu hwabatwa nekunyara, uye dai Maunza rugare nemufaro kumoyo wese. Tiri kutendeuka, Ishe, pamberi peNyu, paartari ino.

111 Mwari, ndibatsirei pandiri kubuda zvino, nekutenda, uye ndichinamata kuti zviri mukuda kweNyu, kuti mazana akawanda, mazhinji, akawanda evanhu vaunzwe kwaMuri. Uye ndibatsirei kuva nekutenda nehushingi, ndichifambira mberi; ndisingatarisi kune mumwe munhu asi kwaMuri, Muvambi neMupedzisi wekutenda kwedu. Mwari, zviitei.

112 Regererai mudhikoni wose wemuchechi ino. Regererai mufudzi. Regererai nhengo dzechechi, Ishe. Regererai munhu wese, zvivi zvedu zvose. Tiregerereiwo, Ishe. Regererai mutorwa wese ari pakati pedu. Uye dai tikanzwa kubata kweMweya Mutsvene pahupenyu hwedu, nekuti takazvinipisa pamberi peNyu, husiku huno, tichitendeuka nemoyo wedu wose, kuti Mutigamuchire nekutiita vakaninipa, vakanyarara, vakacheneswa, vanhu vakazvinipisa kuitira basa reNyu. Tipei ropafadzo iri, Ishe, paartari yatiri pairi. Tipei. Uye takakotamisa musoro wedu nemoyo pamberi peNyu. NemuZita reMwanakomana weNyu, Ishe Jesu, tinozvikumbara. Amen, naameni.

Ndiri weNyu, O Ishe, ndanzwa inzwi reNyu,
 Uye Rataura zverudo rweNyu kwandiri;
 Ndinoshuva sei kusimuka mumaoko ekutenda,
 Ndigoswededzwa pedyo neMi.

Ndiswededzei pedyosa, pedyosa, Ishe
 vakaropafadzwa,
 Kumuchinjikwa kwaMakafira;
 Ndiswededzei pedyosa, pedyosa, pedyosa, Ishe
 vakaropafadzwa,
 Kune rweNyu rwakakosha, rutivi rwunouja
 ropa.

¹¹³ Paartari, husiku huno, pakati pehama dzangu dziri kumusoro kuno paartari, ndinofara kuona, husiku huno, varume vakawanda sekuwanda kuri madzimai. Kazhinji, madzimai ndiwo anokurumidza kuputsika moyo. Moyo yavo, pane chimwe chinhu pavari, chinokurumidza kubatikana nekuda kwehudzimai. Uye iwo—iwo madzimai, zvino unogona kuvabata dzimwe nguva. Asi ndinofara kuona Mweya Mutsvene unogona kubata varume, zvakare, nekuvaunza kuartari.

¹¹⁴ Uye handizivi kuti vangani venyu vari paartari, vakapfugama zvino, vanonzwa kuti vazvitsvenesa kuna Mwari, kuti muri kubuda pano husiku huno, kunorarama hupenyu huri nani, nenyasha dzaMwari, nekuitira Humambo hwaMwari zvakawanda, uye nekuda kwechikonzero chake. Ungasimudzawo here ruoko rwako kuna Kristu, kana uri paartari, iti, “Ndinozvhitenda izvozvo zvino kuti ndatendeuka.” Dai Mwari vakuropafadzai.

¹¹⁵ Vangani venyu kumashure uko vanonzwa kuti matendeuka makagara pachigaro chenyu; munonzwa kuti munoda kuita zviri nani? Mwari vakuropafadzei.

Zvino ngatisimukei.

¹¹⁶ Imi muri pano paartari, tendeukai mutarise *uko*, kana mungazviita. Zvino, imi muri pano paartari, simudzai maoko enyu kunze uku, kuti munoshuvira munamato wavo, kuti mugofambira mberi. Mungasimudza here maoko enyu kuvanhu vari muungano? Zvakanaka. Zvino simudzai maoko enyu shure kuno, paartari pano, kuti mungashuvire munamato wavo, zvakare. Kuti ticha . . . Mwari vachatibatsira kuita. Dai Ishe Jesu vatiropafadza.

Zvino, musakanganwe shumiro yehusiku hweSvondo.

¹¹⁷ Mune shoko rekutaura here, Hama Neville? [Hama Neville vanotaura naHama Branham—Mupepeti] Chipiri neChitatu manheru. . . Misheni iya iri papi? [Hama Neville vanopindura.] 1628 West Market, Chipiri chino chiri kuuya neChitatu manheru.

¹¹⁸ Uye zvakare Mugovera neSvondo, ndichange ndiri paMadisonville, Kentucky, paodhitoriyamu ikoko. Zvadaro tinozopfuirira kuenda kumusoro kuNew York.

¹¹⁹ Zvino, chikonzero chatiri kukurumidzira kubuda, ndina ambuya vari kurwara kwazvo, zvakanyanya, uye vari kundidaidza. Zvino ngati. . .

¹²⁰ Mune shoko rekutaura here, Hama Neville? [Hama Neville vanoti, “Kwete.”—Mupepeti] Hapana.

¹²¹ Ngatikotamisei misoro yedu kwechinguvana, tichinamata. Zvakanaka. Zvishoma nezvishoma zvino:

Mwari vave nemi kusvikira tazosangana
zvakare! Ne. . .



MUPOROFITA ARI KUNYARA SHO56-1125E
(A Blushing Prophet)

Mharidzo iyi neHama William Marrion Branham, yakaparidzwa kwokutanga neChirungu Svondo manheru, Mbudzi 25, 1956, paBranham Tabhenakeri muJeffersonville, Indiana, U.S.A., yakazotorwa kubva patepi yakarhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice Of God Recordings.

SHONA

©2021 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org